No. of Printed Pages : 4 **BMAF-001**

**BDP/BCA/BTS**

**सत्रांत परीक्षा**

00415 **दिसम्बर, 2017**

**BMAF-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम**

*Time : 2 hours* *Maximum Marks : 50*

*नोट : सभ प्रश्नक उत्तर देब अनिवार्य अछि ।*

1. शुद्ध शब्दमे चिह्न (√) लगाउ : 5

   (क) रामायन – रामायण

   (ख) पुस्प – पुष्प

   (ग) पूरान – पुराण

   (घ) क्रिष्ण – कृष्ण

   (ङ) पसुपति – पशुपति

2. निम्नलिखित शब्दक तीन-तीन टा पर्याय लिखू : 5

   (क) कमल

   (ख) राति

   (ग) मेघ

   (घ) समुद्र

   (ङ) पोखरि

3. निम्नलिखित मोहाबराक अर्थ स्पष्ट करैत वाक्य बनाउ : 5

(क) ताल ठोकब

(ख) झख मारब

(ग) झूरझमान होयब

(घ) कंठ फूटब

(ङ) छाती पर दालि दड़रब

4. निम्नलिखित पावनि कोन मासमे मनाओल जाइछ ? 5

(क) चौरचन – साओन/भादव

(ख) कोजागरा – आसिन/कातिक

(ग) भरदुतिया – कातिक/अगहन

(घ) तिलासँक्रान्ति – पूस/माघ

(ङ) फगुआ – फागुन/चैत

5. शब्दकोशक उपयोगक प्रक्रियाकेँ 50 शब्दमे लिखू : 5

6. कोनो *एक* अवतरण पर सप्रसंग व्याख्या लिखू : 7

(क) दुइ फैँड़ वला बुढ़वा गाछ...
कोनइलातर ठाढ़ छी
करइ अछि आकृष्ट मनकेँ
डारि पर लटकल सिनुरिया आम
काल्हि परसू आ कि चारिम दिन जएतइ पाकि
पाबि सिहकी रात्रि शेषक
टब्म दए खसि पड़त चुप्पेचाप
के कहओ, लगतैक ककरा हाथ

किछु होअओ, मावीक चिन्ता नहि करी
एखन तँ झरकल नयनकेँ जुड़ा ली तत्काल
दिव्य ओ अभिराम
करइ अछि आकृष्ट मनकेँ
डारि पर लटकल सिनुरिया आम ।

(ख) बेटिक गहना बन्हकी रखने जँ चलि रहलै काज
धूमधामसँ श्राद्ध हैत आ गदगद हैत समाज
फल्लाँ बाबू मुइला, कयलनि चिल्लाँ बाबू मोज
आगाँ-पाछाँ जे हो, क्यो कि काज करै अछि रोज ?
बापक अरजल खेत राखि सुदमरना करी बिदाइ
गौआँ-घरुआ सर-कुटुम्ब आ हर्षित होशि जमाइ
की करबै लय, बिका जाइ जँ गाछी आ बँसबारि
कन्यादान करब तेहने ठाँ पढ़य ने गौआँ गारि
गोलेदारक वा मरबाड़िक बढ़ल जाइछ जँ कर्ज
सरकारी लोनक नोटिश जँ भेटय तँ की हर्ज
मुदा हैत उपनयन ठाठसँ जेहन मुंडन मेल
की न करै अछि लोक कहू तँ अपना इज्जति लेल ?
नोत-पिहानी पुरी वा पाहुन-परक आबि जँ जाथि
भार-दोर दी वा कोनहुना घर पर दूजन खाथि
इज्जतिटा रहि जाय, करब तेहने सब स्वार्थ-परार्थ
मुदा आइधरि के बुझलकजे इज्जति कौन पदार्थ

7. 'ग्रामसेविका'क आधार पर विमलाक चरित्र पर प्रकाश दिय । 7

8. कोनो *एक* शीर्षककेँ तीन सय शब्दमे पल्लवित करू । 7

(क) विद्यापति

(ख) रामकृष्ण झा 'किसुन'

(ग) मणिपद्म

9. कोनो *एक* विषय पर निबन्ध लिखू : 4

(क) मिथिलाक उत्सव

(ख) मधुबनीक कला

(ग) चित्रकलाक शैलीमे 'अजन्ता'